

## RÈGLEMAN AK PWOSEDI ADMINISTRATIF

**SIJÈ:** RÈGLEMAN KONSÈNAN ÈD FINANSYE      **NIMEWO:**

**PWOPRIYETÈ:** Biwo Prezidan an

**APATI**  
**DAT:**

**REVIZE**  
**DAT: 11/1/15**

**RANPLASE:**

**REFERANS:**

### **OBJEKTIF:**

Montefiore New Rochelle Hospital (Sant Medikal) gide avèk yon misyon pou bay kalite laswenyaj siperyè pou tout pasyan li yo. Nou angaje pou sèvi tout pasyan yo, ansanm ak pasyan ki nan zòn sèvis nou ki pa gen pwoteksyon asirans sante epi ki pa kapab peye pou tout laswenyaj debaz yo resevwa nan Sant Medikal la oswa pou yon pati ladan. Nou angaje pou trete tout pasyan yo avèk konpasyon, depi bò kabann nan pou rive nan biwo faktirasyon an, ansanm efò n ap fè pou nou resevwa peman. Answit, nou angaje pou defann plis aksè nan pwoteksyon swen sante pou tout moun New York.

Sant Medikal la angaje pou toujou gen règleman sou èd finansye ki annamoni avèk misyon li ak valè moral li yo ki konsidere mwayen yon moun pou peye pou sèvis swen sante ki nesesè pou rezon medikal.

### **GID RÈGLEMAN AN:**

Règleman sa a la pou pwoteje gid Sant Medikal la pou administre èd finansye pou pasyan ki bezwen laswenyaj pou ijans oswa pou rezon medikal epi ki pa gen asirans sante oswa apre yo itilize tout sous peman asirans yo. Nou bay èd finansye pou pasyan ki montre yo pa gen mwayen pou peye, pa rapò ak yon refi pou peye, Nou konsidere kòm dèt nou pa kapab touche. Nou revize règleman sa a chak ane.

#### 1. Èd finansye a dwe disponib pou:

- Pasyan ki pa gen asirans, k ap viv nan zòn sèvis prensipal Sant Medikal la epi k ap resevwa sèvis ki nesesè pou rezon medikal oswa laswenyaj pou ijans (Gade Dokiman Siplemantè A pou jwenn Tablo Èd Finansye ak Nivo yo); epi
- Pasyan k ap viv nan zòn sèvis prensipal Sant Medikal la epi ki itilize tout avantaj medikal yo deja pou swen ki nesesè pou rezon medikal oswa pou swen ijan.

- Sof pou sèvis pou ijans, pasyan yo dwe ap viv nan zòn sèvis prensipal Sant Medikal la pou yon sèvis patikilye pou yo kapab kalifye san pwoblèm pou èd finansye a. Zòn sèvis prensipal Sant Medikal la se Eta New York. Pasyan k ap viv deyò Eta New York epi k ap resevwa swen pou ijans kalifye pou èd finansye a.
  - N ap detèmine kalifikasyon pou èd finansye pou swen ki pa ijan pou moun ki p ap viv nan Eta New York sou yon baz ka-pa-ka epi Vis-Prezidan dwe apwouve kalifikasyon an. Si pasyan an jwenn apwobasyon pou li resevwa èd finanse kòm yon eksepsyon, n ap seleksyon pasyan an avèk menm kritè ak pasyan k ap viv nan zòn sèvis prensipal la (revni anvan dediksyon ak kantite moun nan fanmi ki asosye avèk nivo federal povrete).
  - Pwosedi ki pa ijan nou pa kwè ki nesesè pou rezon medikal (pa egzamp, chiriji estetik, tretman pou enfètilite) pa kalifye pou èd finansye. Pasyan yo kapab jwenn rabè pou sèvis ki pa garanti yo lè yo peye poukонт yo.
  - Règleman konsènan Èd Finansye a swiv gid EMTALA.
2. Sant Medikal la pa mete yon limit sou sèvis yo dapre pwoblèm medikal yon pasyan.
  3. Men adrès biwo èd finansye yo:

16 Guion Place, New Rochelle, NY 10801 Main Cashiers Office: 914-365-3812 (adrès imèl la se [NRFinancialAssistance@montefiore.org](mailto:NRFinancialAssistance@montefiore.org)).

Kopi règleman konsènan Èd Finansye a, rezime Èd Finansye a, ak/oswa aplikasyon pou Èd Finansye a disponib sou demann, san ou pa peye, pa lapòs oswa nan Imèl. Ou kapab voye demann yo nan adrès imèl [NRFinancialAssistance@montefiore.org](mailto:NRFinancialAssistance@montefiore.org). Ou kapab jwenn yo sou sitwèb sant medikal la nan: <http://www.montefiorehealthsystem.org/body.cfm?id=68>.
  4. Pasyan ki pa gen asirans epi k ap resevwa sèvis nan lokal klinik pasyan ki pa entène yo kapab aplike pou èd finansye nan moman anrejistrem yo nan klinik lan. Tout pasyan k ap resevwa sèvis toupatou nan Montefiore kapab ale nan biwo èd finansye ki endike anwo a pou yo kòmanse aplikasyon yo oswa pou yo ranpli aplikasyon yo.
  5. N ap fè detèminasyon kalifikasyon pou èd finansye a imedyatman li posib nan pwosesis planifikasyon ak pwogramasyon laswenyaj la. Konseye yo ap ede nenpòt pasyan ki bezwen èd pou yo ranpli aplikasyon pou èd finansye a. Sèvis pou ijans yo p ap janm bay reta annatandan detèminasyon finansye yo. Pasyan yo kapab aplike pou èd finansye anvan sèvis yo oswa apre yo resevwa yon bòdwo. Pasyan yo kapab aplike pou èd finansye apre nou voye yon bòdwo nan yon ajans rekouvreman. Pa gen dat limit pou lè yon pasyan kapab mande pou li ranpli yon aplikasyon pou èd finansye.
  6. Apwobasyon pou èd finansye a ap valab pou yon ane. N ap re-evalye pasyan yo pou èd finansye a chak ane.
  7. Nou mande pasyan yo oswa moun ki gen responsablité finansye pou yo kolabore avèk Sant Medikal la lè y ap aplike pou pwoteksyon asirans piblik (pa egzanp, Plan Medicaid, Child Health Plus, ak Qualified Health) (pandan peryòd enskripsyon lib) si yo kwè yo ka kalifye. Kalifikasyon

pou èd finansye a pa depannde si ou ranpli yon aplikasyon pou Medicaid epitou p ap gen reta non plis pou nou pran yon desizyon pandan n ap tann yon desizyon Medicaid.

8. Nou dwe itilize revni anvan dediksyon ki asosye avèk gid revni ajiste FPL pibliye pou kantite moun ki nan fanmi pou nou detèmine kalifikasyon pou èd finansye a. Desizyon yo baz sou revni anyèl sèlman. Nou pa konsidere byen yo.
9. Sant Medikal la dwe verifye revni ou nan moman an. Prèv revni nou aksepte endike anba la a:
  - Etadkont avantaj chomaj
  - Lèt rekonpans Sekirite Sosyal/pansyon
  - Souch peman/lèt verifikasiyon travay
  - Lèt sipò
  - Lèt atestasyon ki eksplike revni, sipò, ak/oswa dènye sitiyasyon finansye si pa gen lòt prèv ki disponib
10. Ekip finans lan ap disponib pou ede ou avèk konsiltasyon sou èd finansye. N ap revize aplikasyon yo pou èd finansye, epi n ap pran yon desizyon sou yo san pèdi tan epitou nan 30 jou pou sèvis ki pa pou ijans yo. Pasyan yo gen 30 jou pou yo konteste yon premye desizyon nou pran sou èd finansye a. Pasyan yo ap resevwa desizyon sou èd finansye a pa lapòs, avèk yon avi anba lèt awobasyon/refi a ki eksplike yo kijan pou yo konteste desizyon an. Nou mande pasyan yo pou yo pa okipe okenn bòdwo yo resevwa pandan n ap travay sou yon aplikasyon. Nou pa dwe voye kont pou pasyan ki ranpli aplikasyon pou èd finansye yo nan ajans rekouvreman pandan n ap travay sou aplikasyon yo.
11. Nou dwe kominike Avi Sant Medikal sou règleman konsènan èd finansye a ba pasan yo, ekip la ak ajans sèvis kominotè lokal yo. Règleman konsènan èd finansye Sant Medikal la dwe disponib nan anpil lang pou nenpòt moun k ap chèche jwenn enfòmasyon nan lokal sa yo:
  - Biwo admisyon
  - Anrejistreman nan Saldijans
  - Biwo Medicaid
  - <http://www.montefiorehealthsystem.org/body.cfm?id=68>
  - oswa lapòs sou demann
  - oswa depi ou kontakte biwo èd finansye nan nimewo 914-365-3812
- Disponiblite èd finansye ak nimewo telefòn biwo a enprime anba tout bòdwo lopital la. Gen ansèy ki poste tou nan pòt antre yo ki fè pasyan yo konnen kote sal yo pou èd finansye a.  
Tout ekip admisyon, anrejistreman ak ajans rekouvreman yo resevwa fòmasyon sou règleman konsènan èd finansye Sant Medikal la. Nou bay fòmasyon kontini pou tout domèn yo avèk enstwiksyon sou kote pou voye pasyan ki bezwen èd la.
12. Pasyan yo ka konteste desizyon Sant Medikal la sou èd finansye si yo jwenn refi pou èd finansye a oswa si yo kwè yon desizyon nou pran pa anfavè yo. Pasyan ki konteste desizyon nou pran sou èd finansye a dwe bay prèv dènye revni yo ak depans yo. Pasyan yo gen 30 jou pou yo ranpli aplikasyon pou kontestasyon an epi n ap fè yo konnen desizyon yo nan 30 jou apre yo remèt aplikasyon kontestasyon yo. Dapre enfòmasyon pasyan yo bay, nou ka evalye yo pou lòt rediksyon oswa plan peman pwolonje.
13. Nou ofri pasyan yo plan peman si yo pa kapab fè peman redui yo okonplè. Peman pa mwa yo pa dwe depase 10% revni pasyan an pa mwa. Nou ofri plan peman tou nan pwosesis kontestasyon

yo. Si yon pasyan fè yon depo, depo sa ap fè pati nan yon peman nan balans èd finansye li. Sant Medikal la pa reklame enterè sou balans pasyan yo.

14. Sant Medikal la toujou gen yon règleman apa konsènan faktirasyon ak rekouvreman. Nou kapab jwenn li sou sitwèb Sant Medikal la:  
<http://www.montefiorehealthsystem.org/body.cfm?id=68> oswa ou kapab mande yon kopi sou papye depi ou kontakte Biwo Èd Finansye.
15. Pasyan yo ap resevwa yon preyavi sou 30 jou pou nenpòt kont n ap voye ba yon ajans rekouvreman poutèt yo pa mande oswa ranpli yon aplikasyon pou èd finansye oswa poutèt yo pa fè peman sou yon balans èd finansye yo.

#### **16. Kritè Ajans Rekouvreman Prensipal:**

Lè nou voye yon kont nan ajans Rekouvreman Prensipal yo, ajans yo prale nan pwosesis entèn yo pou yo chèche verifikasyon asirans Medicaid ki aktif, adrès ak telefòn, posib kalifikasyon pou swen pou charite si yo pa seleksyone yo deja, ak yon pwosesis kourye retounen. Lè yo fini pwosesis sa a , men efò rekouvreman y ap fè:

- Y ap voye omwen 1-4 lèt
- Y ap fè omwen 1-4 koutfil
- Y ap retounen kont pasyan ki mouri oswa ki Deklare Fayit pou eliminasyon
- Y ap fèmen kont ki gen adrès pou retounen epi ki pa gen telefòn epi y ap retounen yo ba MMC pou yo voye ba ajans rekouvreman segondè yo
- Kont ki nan rekouvreman aktif 180 jou apre dat nou voye yo ap fèmen epi y ap retounen yo ba MMC pou nou voye nan ajans rekouvreman segondè

#### **Kritè Ajans Rekouvreman Segondè:**

Lè nou voye yon kont nan ajans Rekouvreman Prensipal yo, ajans yo prale nan pwosesis entèn yo pou yo chèche verifikasyon asirans Medicaid ki aktif, adrès ak telefòn, posib kalifikasyon pou swen pou charite si yo pa seleksyone yo deja, ak yon pwosesis kourye retounen. Lè yo fini pwosesis sa a , men efò rekouvreman y ap fè:

- Y ap voye omwen 1-4 lèt
- Y ap fè omwen 1-4 koutfil
- Y ap retounen kont pasyan ki mouri oswa ki Deklare Fayit pou eliminasyon
- Y ap fèmen kont ki gen adrès pou retounen epi ki pa gen telefòn epi y ap retounen yo ba MMC pou eliminasyon
- Kont ki nan rekouvreman aktif 90-180 jou apre dat nou voye yo ap fèmen epi y ap retounen yo ba MMC pou eliminasyon

17. Sant Medikal la entèdi rekouvreman kont nenpòt pasyan ki kalifye pou Medicaid nan moman nou bay pasyan an sèvis yo.
18. Tout ajans rekouvreman ki afilye avèk Sant Medikal la gen yon kopi règleman konsènan èd finansye Sant Medikal la epi y ap voye nenpòt pasyan ki bezwen èd retounen nan Sant Medikal la pou evalyasyon ak rediksyon yon bòdwo dapre revni anyèl pasyan an ak kantite moun ki nan fanmi li.

19. Biwo Èd Finansye a ap evalye si pasyan a respekte règleman li a. Pou fè sa, y ap voye "kliyan silansye" li yo nan zòn admisyon ak anrejistrement an pou asire si ansèy ak rezime yo afiche ak disponib epitou si Anplwaye yo okouran Sant Medikal la ofri èd finansye.
20. N ap akòde èd finansye a okonplè pou pasyan ki gen bòdwo yo poko peye poukонт yo epi ki gen pwoteksyon Medicaid ki aktif.
21. Kondisyon imigrasyon pa yon kritè nou itilize pou detèmine si yon pasyan kalifye.
22. Sant Medikal la itilize analiz pou prevwa si pou nou bay èd nan detèminasyon swen pou charite lè pa gen aplikasyon ki ranpli pou èd finansye. Nou itilize Transunion pou seleksyon sa a. Finansman yo p ap deside si pasyan yo pa kalifye pou èd finansye a. Si yon pasyan ranpli yon aplikasyon pou èd finansye avèk dokiman ki montre revni li pi piti pase kategori nou detèmine avèk analiz pou previzyon, n ap redui responsablite finansye pasyan an nan yon kantite lajan ki pi ba. Si pasyan an gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan rechèch la, li kapab kontakte liy telefòn Transunion Customer Care Credit nan nimewo (800)-916-8800.
23. Etadkont faktirasyon Sant Medikal la ap fè pasyan yo konnen si yo resevwa yon èd finansye oswa yon rabè sou peman yo fè a.
24. Sant Medikal la pa itilize mezi rekouvreman ki ekstrawòdinè. Men kèk nan mezi rekouvreman ekstrawòdinè nou pa itilize:
  - Sezi salè
  - Rapòtaj ba ajans kredi
  - Lavant dèt
25. Pasyan ki gen nenpòt plent sou règleman oswa pwosesis èd finansye Sant Medikal la ka rele Liy Dirèk Plent Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) nan nimewo 1-800- 804-5447. Enfòmasyon sa a endike tou nan lèt refi yo.
26. Pou moun ki pa gen asirans, ki nan oswa anba 100% FPL epi ki resevwa apwobasyon pou èd finansye a, responsablite finansye pasyan an ap sèlman kantite peman nominal ki endike anba la a yo pou sèvis sa yo (Gade Dokiman Siplemantè A pou tarif yo):
  - Pasyan ki Entène – \$150 dola/egzeyat
  - Operasyon San Pasyan an Pa Entène - \$150 dola/pwosedi
  - Saldijans Adilt ak Sèvis Klinik - \$15 dola/vizit
  - Saldijans Anvan Akouchman ak Timoun ak Sèvis Klinik - gratis
27. Pou moun ki pa gen asirans, ki nan oswa anba 300% FPL, epi ki jwenn apwobasyon pou èd finansye a, responsablite finansye pasyan an ap baze sou yon echèl frè varyab ki limite a kantite lajan Medicaid oswa Medicare te ka peye pou menm sèvis yo (Gade Dokiman Siplemantè A pou tarif yo).
28. Règleman Sant Medikal la konsènan èd finansye pwolonje tou pou moun ki pa gen asirans, ki ant 300% ak 500% FPL, epi ki jwenn apwobasyon pou èd finansye a (Gade Dokiman Siplemantè A pou tarif yo).

29. Moun ki pa gen asirans, ki anwo 500% FPL, k ap viv nan zòn sèvis prensipal Sant Medikal epi ki resevwa swen ki nesesè pou rezon medikal oswa swen pou ijans kalifye pou yon rabè koutwazi (Gade Dokiman Siplemantè A pou tarif yo).
30. Sant Medikal la itilize metòd rekiperasyon pou kalkile kantite lajan nou reklame souvan nan bòdwo yo. Nou dwe evalye tarif èd finansye y ak Kantite Lajan nou Reklame nan Bòdwo souvan anvan 30 avril chak ane almannak. Nou itilize tarif Medicare ak tarif asirans komèsyal yo nan kalkil AGB. Pousantaj Kantite Lajan Nou Reklame Souvan nan Bòdwo (Amounts Generally Billed, AGB) disponib sou demann nan nenpòt biwo èd finansye yo. Apre nou detèmine si yon pasyan kalifye pou Èd Finansye, nou pa kapab reklame yon FAP apa ki pi plis pase kantite lajan nou reklame souvan nan bòdwo oswa pou swen ki nesesè pou rezon medikal.

Nou fè yon konparezon pousantaj AGB avèk tarif kategori èd finansye a pou pasyan ki tonbe nan oswa anba 100% FPL jiska 500% FPL. Kantite lajan ki limite pou Sèvis Lopital ki nan Dokiman Siplemantè A endike anba la a (jiska 500% FPL):

- Tarif pou vizit nan ED pa dwe depase 40% frè pasyan an dwe nan lopital la.
- Tarif pou operasyon san pasyan pa entène pa dwe depase 41% frè pasyan an dwe nan lopital la.
- Tarif pou Tretman Onkoloji pa dwe depase 32% frè pasyan an dwe nan lopital la.
- Tarif pou Vizit nan Klinik/Patoloji/Tès Ren/Radyoloji/Tretman avèk Radyasyon pa dwe depase 32% frè pasyan an dwe nan lopital la.
- Tarif pou Admisyon Pasyan ki Entène pou Ijans pa dwe depase 54% frè pasyan an dwe nan lopital la.

31. Lis pwofesyonèl swen sante (ki se yon lis pwofesyonèl swen sante ki pa lopital yo) ki bay swen pou ijans ak swen ki nesesè pou rezon medikal nan sant medikal lopital la. Lis la montre si pwofesyonèl swen sante yo konsène oswa pa konsène nan règleman konsènan èd finansye a.) yon lis pwofesyonèl swen sante yon lis pwofesyonèl swen sante yon lis pwofesyonèl swen sante . Pasyan yo kapab jwenn yon kopi sou sitwèb èd finansye a nan <http://www.montefiorehealthsystem.org/body.cfm?id=68> oswa yo kapab mande yon kopi sou papye gratis depi yo ale nan biwo èd finansye a oswa depi yo rele biwo èd finansye yo: 16 Guion Place, New Rochelle, NY 10801 Main Cashiers Office 914-365-3812

Nou dwe fè nenpòt eksepsyon nan limit ki endike anwo a sou yon baz ka-pa-ka, epi eksepsyon yo dwe jwenn apwobasyon Vis-Prezidan Asosye, Kont Kliyan Sèvis Sante; Vis-Prezidan, Sèvis Pwofesyonèl; oswa Vis-Prezidan, Finans. Nan aplikasyon règleman sa a, direksyon Sant Medikal la ak sant medikal yo dwe respekte tout lòt lwa, règ ak règleman federal, leta ak lokal ki ka aplike nan aktivite ki fèt dapre règleman sa a.

## Dokiman Siplemantè A: Tablo Èd Finansye ak Nivo yo

2016 NIVO FEDERAL POVRETE	KATEGORI REVNI BRIT (Limit Siperyè yo)								9	10	11
	1	2	3	4	5	6	7	8			
Kantite moun ki nan Fanmi an	100%	125%	150%	175%	185%	200%	250%	300%	400%	500%	plis pase 500%
<b>1</b>	\$11,880	\$14,850	\$17,820	\$20,790	\$21,978	\$23,760	\$29,700	\$35,640	\$47,520	\$59,400	
<b>2</b>	\$16,020	\$20,025	\$24,030	\$28,035	\$29,637	\$32,040	\$40,050	\$48,060	\$64,080	\$80,100	
<b>3</b>	\$20,160	\$25,200	\$30,240	\$35,280	\$37,296	\$40,320	\$50,400	\$60,480	\$80,640	\$100,800	
<b>4</b>	\$24,300	\$30,375	\$36,450	\$42,525	\$44,955	\$48,600	\$60,750	\$72,900	\$97,200	\$121,500	
<b>5</b>	\$28,440	\$35,550	\$42,660	\$49,770	\$52,614	\$56,880	\$71,100	\$85,320	\$113,760	\$142,200	
<b>6</b>	\$32,580	\$40,725	\$48,870	\$57,015	\$60,273	\$65,160	\$81,450	\$97,740	\$130,320	\$162,900	
<b>7</b>	\$36,730	\$45,913	\$55,095	\$64,278	\$67,951	\$73,460	\$91,825	\$110,190	\$146,920	\$183,650	
<b>8</b>	\$40,890	\$51,113	\$61,335	\$71,558	\$75,647	\$81,780	\$102,225	\$122,670	\$163,560	\$204,450	
Pou chak moun siplemantè ajoute:	\$4,160	\$5,200	\$6,240	\$7,280	\$7,696	\$8,320	\$10,400	\$12,480	\$16,640	\$20,800	

\*Dapre Gid Federal Povrete an 2016

### Vizit nan Saldijans:

- **jiska 100% Nivo Federal Povrete -- \$15 pou Adilt yo epi \$0 Swen Anvan Akouchman ak Swen Timoun**
- **jiska 125% Nivo Federal Povrete -- \$35 dola**
- **jiska 150% Nivo Federal Povrete -- \$45 dola**
- **jiska 175% Nivo Federal Povrete -- \$65 dola**
- **jiska 185% Nivo Federal Povrete -- \$110 dola**
- **jiska 200% Nivo Federal Povrete -- \$155 dola**
- **jiska 250% Nivo Federal Povrete -- \$180 dola**
- **jiska 300% Nivo Federal Povrete -- \$225 dola**
- **jiska 500% Nivo Federal Povrete -- \$700 dola**
- **plis pase 500% Nivo Federal Povrete -- tarif rabè koutwazi \$1500 dola**

**Admisyon pou Pasyan ki Entène pou Ijans:**

- jiska 100% Nivo Federal Povrete -- \$150 dola pou chak egzeyat
- jiska 125% Nivo Federal Povrete -- \$300 dola pou chak egzeyat
- jiska 150% Nivo Federal Povrete -- \$500 dola pou chak egzeyat
- jiska 175% Nivo Federal Povrete -- \$2,200 dola pou chak egzeyat
- jiska 185% Nivo Federal Povrete -- \$3,700 dola pou chak egzeyat
- jiska 200% Nivo Federal Povrete -- \$5,200 dola pou chak egzeyat
- jiska 250% Nivo Federal Povrete -- \$6,000 dola pou chak egzeyat
- jiska 300% Nivo Federal Povrete -- \$7,500 dola pou chak egzeyat
- jiska 500% Nivo Federal Povrete -- \$9,000 dola pou chak egzeyat
- plis pase 500% Nivo Federal Povrete -- tarif rabè koutwazi \$16,000 dola pou chak egzeyat

**Vizit nan Klinik (pou Sant Medikal Pratik Montefiore, Klinik Sante Mantal, Biwo Onkoloji, Ren, Laboratwa, ak Patoloji):**

- jiska 100% Nivo Federal Povrete -- \$15 pou Adilt yo epi \$0 Swen Anvan Akouchman ak Swen Timoun
- jiska 125% Nivo Federal Povrete -- \$20 dola
- jiska 150% Nivo Federal Povrete -- \$30 dola
- jiska 175% Nivo Federal Povrete -- \$45 dola
- jiska 185% Nivo Federal Povrete -- \$75 dola
- jiska 200% Nivo Federal Povrete -- \$105 dola
- jiska 250% Nivo Federal Povrete -- \$120 dola
- jiska 300% Nivo Federal Povrete -- \$150 dola
- jiska 500% Nivo Federal Povrete -- \$200 dola
- plis pase 500% Nivo Federal Povrete -- tarif rabè koutwazi \$350 dola

**Pwosedi ki Nesesè pou Rezon Medikal - Pasyan pa Entène (sof gastwo-entestinal):**

- jiska 100% Nivo Federal Povrete -- \$150 dola pou chak pwosedi
- jiska 125% Nivo Federal Povrete -- \$300 dola pou chak pwosedi
- jiska 150% Nivo Federal Povrete -- \$400 dola pou chak pwosedi
- jiska 175% Nivo Federal Povrete -- \$600 dola pou chak pwosedi
- jiska 185% Nivo Federal Povrete -- \$1000 dola pou chak pwosedi
- jiska 200% Nivo Federal Povrete -- \$1,400 dola pou chak pwosedi
- jiska 250% Nivo Federal Povrete -- \$1,600 dola pou chak pwosedi
- jiska 300% Nivo Federal Povrete -- \$2,000 dola pou chak pwosedi
- jiska 500% Nivo Federal Povrete -- \$3,500 dola pou chak pwosedi
- plis pase 500% Nivo Federal Povrete -- tarif rabè koutwazi \$5,000 dola

**Pwosedi ki Nesesè pou Rezon Medikal - Gastwo-Entestinal:**

- jiska 100% Nivo Federal Povrete -- \$100 dola pou chak pwosedi
- jiska 125% Nivo Federal Povrete -- \$150 dola pou chak pwosedi
- jiska 150% Nivo Federal Povrete -- \$200 dola pou chak pwosedi
- jiska 175% Nivo Federal Povrete -- \$300 dola pou chak pwosedi
- jiska 185% Nivo Federal Povrete -- \$500 dola pou chak pwosedi
- jiska 200% Nivo Federal Povrete -- \$700 dola pou chak pwosedi
- jiska 250% Nivo Federal Povrete -- \$800 dola pou chak pwosedi
- jiska 300% Nivo Federal Povrete -- \$1,000 dola pou chak pwosedi
- jiska 500% Nivo Federal Povrete -- \$1,800 dola pou chak pwosedi
- plis pase 500% Nivo Federal Povrete -- tarif rabè koutwazi \$2,500 dola

**Sesyon Tretman Onkoloji Medikal:**

- **jiska 100% Nivo Federal Povrete -- \$130 dola**
- **jiska 125% Nivo Federal Povrete -- \$200 dola**
- **jiska 150% Nivo Federal Povrete -- \$250 dola**
- **jiska 175% Nivo Federal Povrete -- \$400 dola**
- **jiska 185% Nivo Federal Povrete -- \$650 dola**
- 
- **jiska 200% Nivo Federal Povrete -- \$900 dola**
- **jiska 250% Nivo Federal Povrete -- \$1,000 dola**
- **jiska 300% Nivo Federal Povrete -- \$1,300 dola**
- **jiska 500% Nivo Federal Povrete -- \$1,600 dola**
- **plis pase 500% Nivo Federal Povrete -- tarif rabè koutwazi \$4,700 dola**

**Sesyon Tretman Onkoloji avèk Radyasyon:**

- **jiska 100% Nivo Federal Povrete -- \$60 dola**
- **jiska 125% Nivo Federal Povrete -- \$90 dola**
- **jiska 150% Nivo Federal Povrete -- \$120 dola**
- **jiska 175% Nivo Federal Povrete -- \$180 dola**
- **jiska 185% Nivo Federal Povrete -- \$300 dola**
- 
- **jiska 200% Nivo Federal Povrete -- \$420 dola**
- **jiska 250% Nivo Federal Povrete -- \$480 dola**
- **jiska 300% Nivo Federal Povrete -- \$600 dola**
- **jiska 500% Nivo Federal Povrete -- \$680 dola**
- **plis pase 500% Nivo Federal Povrete -- tarif rabè koutwazi \$2,800 dola**

**Radyoloji - Radvografi:**

- **jiska 100% Nivo Federal Povrete -- \$15 dola**
- **jiska 125% Nivo Federal Povrete -- \$15 dola**
- **jiska 150% Nivo Federal Povrete -- \$15 dola**
- **jiska 175% Nivo Federal Povrete -- \$15 dola**
- **jiska 185% Nivo Federal Povrete -- \$15 dola**
- **jiska 200% Nivo Federal Povrete -- \$15 dola**
- **jiska 250% Nivo Federal Povrete -- \$15 dola**
- **jiska 300% Nivo Federal Povrete -- \$15 dola**
- **jiska 500% Nivo Federal Povrete -- \$50 dola**
- **plis pase 500% Nivo Federal Povrete -- rabè koutwazi a 100% Tarif Dedomajman Blue Cross**

**Radyoloji – Iltrason:**

- **jiska 100% Nivo Federal Povrete -- \$15 dola**
- **jiska 125% Nivo Federal Povrete -- \$20 dola**
- **jiska 150% Nivo Federal Povrete -- \$25 dola**
- **jiska 175% Nivo Federal Povrete -- \$30 dola**
- **jiska 185% Nivo Federal Povrete -- \$35 dola**
- **jiska 200% Nivo Federal Povrete -- \$40 dola**
- **jiska 250% Nivo Federal Povrete -- \$45 dola**
- **jiska 300% Nivo Federal Povrete -- \$50 dola**
- **jiska 500% Nivo Federal Povrete -- \$100 dola**
- **plis pase 500% Nivo Federal Povrete -- rabè koutwazi a 100% Tarif Dedomajman Blue Cross**

### **Radyoloji – Mamogram:**

- **jiska 100% Nivo Federal Povrete -- \$25 dola**
- **jiska 125% Nivo Federal Povrete -- \$30 dola**
- **jiska 150% Nivo Federal Povrete -- \$35 dola**
- **jiska 175% Nivo Federal Povrete -- \$40 dola**
- **jiska 185% Nivo Federal Povrete -- \$50 dola**
- **jiska 200% Nivo Federal Povrete -- \$60 dola**
- **jiska 250% Nivo Federal Povrete -- \$70 dola**
- **jiska 300% Nivo Federal Povrete -- \$90 dola**
- **jiska 500% Nivo Federal Povrete -- \$130 dola**
- **plis pase 500% Nivo Federal Povrete -- rabè koutwazi a 100% Tarif Dedomajman Blue Cross**

### **Radyoloji – Eskanografi CT:**

- **jiska 100% Nivo Federal Povrete -- \$40 dola**
- **jiska 125% Nivo Federal Povrete -- \$45 dola**
- **jiska 150% Nivo Federal Povrete -- \$50 dola**
- **jiska 175% Nivo Federal Povrete -- \$60 dola**
- **jiska 185% Nivo Federal Povrete -- \$75 dola**
- **jiska 200% Nivo Federal Povrete -- \$90 dola**
- **jiska 250% Nivo Federal Povrete -- \$105 dola**
- **jiska 300% Nivo Federal Povrete -- \$130 dola**
- **jiska 500% Nivo Federal Povrete -- \$250 dola**
- **plis pase 500% Nivo Federal Povrete -- rabè koutwazi a 100% Tarif Dedomajman Blue Cross**

**Radyoloji – MRI:**

- **jiska 100% Nivo Federal Povrete -- \$150 dola**
- **jiska 125% Nivo Federal Povrete -- \$175 dola**
- **jiska 150% Nivo Federal Povrete -- \$200 dola**
- **jiska 175% Nivo Federal Povrete -- \$250 dola**
- **jiska 185% Nivo Federal Povrete -- \$300 dola**
- **jiska 200% Nivo Federal Povrete -- \$350 dola**
- **jiska 250% Nivo Federal Povrete -- \$400 dola**
- **jiska 300% Nivo Federal Povrete -- \$500 dola**
- **jiska 500% Nivo Federal Povrete -- \$550 dola**
- **plis pase 500% Nivo Federal Povrete -- rabè koutwazi a 100% Tarif Dedomajman Blue Cross**

Pou tarif lopital pou jiska 500% FPL gen yon konparezon avèk Kantite Lajan nou Reklame Souvan nan Bòdwo epi pasyan an responsab pou pi piti a nan de (2) yo.

**Tout kantite lajan ki endike anwo a gen ladan frè anplis Eta New York.**

Pasyan yo kapab konteste tout desizyon ki pa favorab yo oswa aplikasyon nou bay refi pou yo nan 30 jou apre desizyon an.

Apwobasyon: \_\_\_\_\_ Dat la: \_\_\_\_\_

Joel A. Perlman

Vis-Prezidan Egzekitif